

KHUTBAH IDUL ADHA
Anak sholih thukul saking bapak-ibu ingkang taat
dateng tuntunan Agami

Drs. H.M. Muhsin, MH

♦ **اللَّهُ أَكْبَرُ × ٩**

♦ **اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا ، وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا ،
 لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ .**

♦ **الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَعَدَّ لِلْمُحْسِنِينَ جَزَاءً حَسَنًا ، وَرَفَعَ لَهُمْ عِنْدَهُ
 قَدْرًا وَشَأْنًا ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ ، شَهَادَةً
 وَائِقَانًا ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ ، الْمَبْعُوثُ إِلَى
 الثَّقَلَيْنِ رَحْمَةً وَإِحْسَانًا .**

♦ **اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُنْزَلِ عَلَيْهِ الْقُرْآنُ
 تَبْيَانًا ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الَّذِينَ نَالُوا مِنْ رَبِّهِمْ مَغْفِرَةً وَرِضْوَانًا .**

♦ **أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ: أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ
 تُفْلِحُونَ ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ : أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ
 الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا
 تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ . (الِ عِمْرَانَ : ١٠٢)**

صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ.

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah

الله أكبر ، الله أكبر ، الله أكبر ، والله الحمد ...

Puji syukur tansah kita aturaken dhumateng ngarsanipun Allah SWT, ingkang sampun maringi Ni'mat, Rahmat, Taufiq, Hidayah saha Ma'unah dhumateng kita sedaya. Utamane berkah iman, berkah Islam, berkah kesehatan lan kesempatan kanggo ngibadah.

Sumangga kita tansah ningkataken taqwa dhumateng Allah SWT, kanthi nindakaken sedaya dhawhipun, saha tansah nebihi awisanipun. Mugi-mugi kita kalebet golongan kawula ingkang pikantuk kamulyan wonten ing ngarsanipun Allah SWT. Amin.

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah

Wonten ing dinten menika, para sedherek kita wonten ing puncak pelaksanaan ibadah haji ing tanah suci.

Mugi-mugi sedaya tansah pinaringan kelancaran lan kesehatan, kondur dhateng tanah air kanthi ambekta gelar HAJI MABRUR. Lan mugi-mugi kito sedoyo ingkang dereng angsal wekdal nglampahi ibadah haji ing tahun punika, dipun paringi kesahenan saking Allah SWT, kados kesahenan-kesahenan ingkang kaparingaken dateng PARA JAMA'AH HAJI. Amin.

Wonten saat meniko kita ngawontenaken perayaan 'Idul Adha utawi 'Idul Qurban. Kanthi ngatah-ngatahaken maos takbir, derek jama'ah shalat 'Id, saha nindakaken Ibadah Qurban. Ninda'aken dhawuh dalem Rasulullah SAW, kados wonten ing Riwayat Imam Bukhari :

عَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهَا , أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ
 قَالَ مَا عَمِلَ آدَمِيٌّ مِنْ عَمَلٍ يَوْمَ النَّحْرِ أَحَبَّ إِلَى اللَّهِ مِنْ إِهْرَاقِ
 الدَّمِ ... (سنن الترمذي : ج ٥ / ص ٤٤٤)

Dipun riwayataken saking Siti Aisyah RA, yektosipun Rasulullah SAW, sampun dhawuh : Ora ono amal kang den tindakne deneng anak adam ono dino nahar, kang luwih den demeni Allah SWT, dianding mragat hewan qurban. **HR. Imam Tirmidzi.**

Ibadah qurban ing dinten nahar lan dinten tasriq, ingkang dipun syari'ataken wonten ing syari'atipun Nabi Muhammad puniko, boten

langkung inggih nuladani dateng peristiwa naliko kanjeng Nabi Ibrahim AS, pikantuk dhawuh saking Gusti Allah SWT, supados ninda'aken ibadah qurban, kanti mragat putra kinasih, inggih puniko Kanjeng Nabi Isma'il AS, ingkang naliko semanten taksih awujud lare alit.

Kasebat wonten ing **Al Qur'an: Surah As-Saffat, ayat : 102:**

قَالَ يَا بُنَيَّ إِنِّي أَرَى فِي الْمَنَامِ أَنِّي أَذْبَحُكَ فَانظُرْ مَاذَا تَرَى ﴿١٠٢﴾ قَالَ يَا
أَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ سَتَجِدُنِي إِن شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ ﴿١٠٣﴾

"Nabi Ibrahim ngendika marang putrane, Isma'il : "Duh putraku, aku nompo dhawuh liwat ngimpi kautus nyembeleh sira minongko wujud takarub marang Allah SWT, piye mungguh panemumu ?" Ismail matur: "Dhuh romo, mugi kersa nindakaken punapa ingkang dipun dhawuhaken. Insya Allah, panjenengan badhe manggehaken kulo minangka tiyang ingkang sabar." (QS. As-Shaffat: 102).

Kanjeng Nabi Ibrahim mantep niatipun. Semanten ugi, Kanjeng Nabi Ismail sampun pasrah lang ikhlas ngemban dhawuh ramanipun.

Kasusul Malaikat Jibril rawuh kanthi ngasta wahyu saking Gusti Allah SWT, ngemban dhawuh supados Nabi Ibrahim mandheg anggenipun bade mragat putranipun; lan minangka ganjaran tulusipun manah, Allah SWT, nyukupaken kanthi nyembeleh mendo ingkang dipun beto malaikat Jibril, minangka qurbanipun. **Q.S. As-Saffat: 107-110.**

وَفَدَيْنَاهُ بِذَبْحٍ عَظِيمٍ ﴿١٠٧﴾ وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ﴿١٠٨﴾ سَلَامٌ عَلَى
إِبْرَاهِيمَ ﴿١٠٩﴾ كَذَلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿١١٠﴾ (الصافات: ١٠٧ - ١١٠)

"Ingsun ganti karo sembelehan kang gedhe banget. Ingsun wis nggawe dheweke dadi conto kanggo generasi sak burine. Muga keslametan katur marang Ibrahim. Mangkono mau Ingsun paring piwales marang wong kang becik-becik". (QS. As-Saffat: 107-110).

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah.

الله أكبر, الله أكبر, الله أكبر, والله الحمد ...

Sepisan malih kita perhatosaken reaksi Nabi Isma'il nalika mireng menawi bapakipun bade ngorbanake piyambakipun kagem netepi dhawuhipun Gusti Allah SWT. Aturipun: "Dhuh romo, kula nampi dhawuhipun Pangeran kanthi lego lan lilo".

Peristiwa sajarah niki paring piwucal dateng kita sami, bilih putra ingkang shalih temen lahir saking tiyang sepah ingkang taat dateng dhawuh agami. Wonten paribasan, "godhong ora adoh saka wite. Kacang orang ninggal lanjaran"

Satunggalipun hadits dhawuhaken :

عَنْ ابْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ ، أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ : إِنَّ اللَّهَ عَزَّ وَجَلَّ لَيَرْفَعُ ذُرِّيَّةَ الْمُؤْمِنِ مَعَهُ فِي دَرَجَتِهِ وَإِنْ كَانَ لَمْ يَبْلُغْهَا فِي الْعَمَلِ . (رواه البزار)

Dhawuh dalem Rasulullah SAW, "Saktemene Allah iku wis ngangkat anak-anake wong mukmin ing drajate wong tuwane, senajan amal kabecikane ora kaya wong tuwane". **HR. Imam Al-Bazzar.**

Perilaku sahe soho taqwanipun Nabi Ismail ingkang taksih lare naliko semanten boten mergo saking sekolah, utawi adat lan budaya masyarakat lingkunganipun; nanging amargi tiyang sepuh kalhipun iang kang tansah taat dumateng Syari'atipun Allah SWT;.

Lingkunganipun Nabi Ismail alit, nalika semanten namung ibunipun soho para pelancong ingkang liwat daerahipun, awit kekalhipun sami ngelampahi pagesangan wonten ing lembah ingkang dereng dipun dunungi dening manungsa, kajawi kekalhipun.

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah

اللَّهُ أَكْبَرُ ، اللَّهُ أَكْبَرُ ، اللَّهُ أَكْبَرُ ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ ...

Sejarah perjuangan soho keimanan Nabi Ibrahim AS, sampun maringi piwulang ingkang aji, bilih menawi kita kepingin anak-anak kita saged dados anak ingkang sholeh, pramila tiyang sepuh kedah kagungan manah ugi tumindak sholeh supados saged dados tuladha tumrap keluarga soho putra-putrinipun.

Kagem tiyang sepuh pundi kemawon penting anggadahi pikajengan kagungan keturunan ingkang sholeh-sholehah, jer putra-putri ingkang sholeh puniko ingkang bade mbingahaken tiyang sepuh kalih, ing donya ngantos ing akhirat mangke. Dhawuh dalem Rasulullah SAW, wonten ing hadits Riwayat Imam Muslim :

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ إِذَا مَاتَ
الْإِنْسَانُ انْقَطَعَ عَنْهُ عَمَلُهُ إِلَّا مِنْ ثَلَاثَةٍ إِلَّا مِنْ صَدَقَةٍ جَارِيَةٍ أَوْ عِلْمٍ
يُنْتَفَعُ بِهِ أَوْ وَلَدٍ صَالِحٍ يَدْعُو لَهُ. (صحيح مسلم: ج ٨ / ص ٤٠٥)

“Dipun riwayataken saking Abu Hurairah, yektos Rasulullah SAW, sampun dhawuh, naliko menungso tinggal donya, kabeh amale mandek ora iso ngamal maneh, kejobo perkoro telu kang ganjarane terus mili, yaitu amal jariah, ilmu kang manfaat lan ank kang sholeh kang donga’aken marang wong tuane”. (HR. Imam Muslim).

Wonten ing hadits nginggil, dipun tegasaken bilh putra-putri ingkang sholeh ingkang tansah donga’aken dateng tiyang sepuh meniko yektos dados arep-arepanipun menungso naliko mangke sampun kapundut lan sampun boten saget nambah ngamal malih.

Ingkang dipun ajeng-ajeng inggih donganipun anak-cucu ingkang sregep ibadah lan tansah boten kesupen nyuwunaken pangapunten kagem tiyang sepuhipun. Tiyang sepuh kalih derek-derek bejo mulyo, naliko kagungan putra-putri ingkang sahe, ingkang sregep maos al-qur’an lan ngamalaken isinipun. Dhawuh hadits :

عَنْ سَهْلِ بْنِ مُعَاذٍ عَنْ أَبِيهِ : أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ
قَالَ مَنْ قَرَأَ الْقُرْآنَ وَعَمِلَ بِمَا فِيهِ أَلْبَسَ وَالِدَاهُ تَاجًا يَوْمَ الْقِيَامَةِ
ضَوْؤُهُ أَحْسَنُ مِنْ ضَوْءِ الشَّمْسِ فِي بُيُوتِ الدُّنْيَا. (رواه أبو داود)

“Dipun riwayataken saking sahabat Sahal bin Mu’az saking bapakipun, bilih Rasulullah SAW sampun dhawuh, sopo wong kang sregep moco al-Qur’an lan ngamalaken isine, mulo wong tua lorone besuk ing dino qiyamat, diparingi ageman mahkota kang cumlorot padang ngluwahi padange srengenge kang biso madangi wong sak donya iki.” HR. Imam Abu dawud.

Wonten ing hadits nginggil, dipun dhawuhaken, bilih tiyang sepuh kalih derek-derek bejo, keranten kawontenan putra-putrinipun ingkang sahe lan sregep ngibadah.

Pramilo tiyang sepuh wajib paring nasehat ugi paring contoh, supados putra-putrinipun tumbuh dados lare ingkang sahe naliko dewoso mangke. Dipun contoni sregep ngibadahipun, dipun paringi conto sregep ngamal sholehipun, sahe waosan qur'anipun, tlaten anggenipun nambah pangertosan, thalabul ilmi babakan agaminipun, soho sahe prilaku sosialipun.

Saestu, putra-putri ingkang soleh dados dambaan tiyang sepuh kaih, senajan piyambakipun sampun wonten ing alam baka.

Boten namung do'a saking putra-putri ingkang sholeh-sholehah ingkang damel bejo tiyang sepuh kalih ing alam baka, nanging ugi sregepipun ibadah si anak ing alam pagesangan puniko saget njalari Gusti Allah SWT tresna lan mulyakaken tiyang sepuhipun, ing alam kelanggengan.

Hadirin Rahimakumullah

اللَّهُ أَكْبَرُ ، اللَّهُ أَكْبَرُ ، اللَّهُ أَكْبَرُ ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ ...

Mugi-mugi kanti khutbah meniko kita sami kagugah manahipun, krentek ambangun rumah tangga ingkang sahe, nanem bibit putra ingkang sahe, ingkang dados kebanggan sedoyonipun. **Amiin.**

بَارِكْ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ ، بِآيَةِ الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ ، وَنَفَعْنَا وَإِيَّاكُمْ
بِتِلَاوَتِهِ وَفَهْمِهِ وَبِحِفْظِ مَعَانِيهِ الْعَظِيمِ : أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّجِيمِ :

إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ ❀ فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ ❀ إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ ❀

وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ أَرْحَمُ الرَّحِمِينَ .

الخطبة الثانية للعيد.

الله اكبر × ٧

الْحَمْدُ لِلَّهِ الْمُنْفَرِدِ بِالذَّوَامِ . الْبَاقِي بَعْدَ فَنَاءِ الْأَيَّامِ . الْمُوْجِدِ لِلْخَلْقِ بَعْدَ الْعَدَمِ .
 الْمُفْنِي لَهُمْ بَعْدَ أَنْ ثَبَتَتْ أَعْمَالُهُمْ فِي الصُّحُفِ كَمَا جَرَى بِهِ الْقَلَمُ . الْعَالِمِ بِمَا
 انْطَوَتْ عَلَيْهِ أَسْرَارُهُمْ فِي الْحَالِ وَفِي الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا
 شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةً عَبْدٍ مُضْطَرِّ إِلَيْهَا عِنْدَ زَلَّةِ الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا
 عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَرْسَلَهُ إِلَى أَكْرَمِ الْأُمَمِ . وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى
 آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ .

وَبَعْدُ . فَاتَّقُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الْفَوَاحِشَ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ . قَالَ تَعَالَى فَهُوَ
 أَصْدَقُ الْقَائِلِينَ : إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا
 صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا . اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ
 سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ ، وَأَصْحَابِهِ وَاتَّبَاعِهِ أَجْمَعِينَ ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ .

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ
 وَالْأَمْوَاتِ ، اللَّهُمَّ أَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا ، وَأَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِنَا ، وَاجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا
 الْإِيمَانَ ، وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا عَلَى دِينِ الْإِسْلَامِ ، وَانصُرْنَا عَلَى عَدُوِّكَ ،
 وَاجْعَلْنَا مِنْ عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ ، بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّحِمِينَ .

رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا
 لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيمٌ .

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ
 رَبِّ الْعَالَمِينَ .

